# SECONDARY SCHOOL EXAMINATION – 2022 (ANNUAL)

## (Model Set)

**Sub Code 124/224** **MAITHILI (Opt.)**

**मैथिली (ऐच्छिक)**

**समय : 03 घंटे 15 मिनट** **पूर्णांक : 100**

**Time : 03 Hrs 15 Monutes** **Full Marks : 100**

**कुल प्रश्नों की संख्याः–100+6**

Total No of questions:- 100+6

*परीक्षार्थियों के लिए निर्देश :–*

***Instructions for the Candidates :-***

1. परीक्षार्थी OMR उत्तर पत्रक पर अपना प्रश्न पुस्तिका क्रमांक (10 अंकों का) अवश्य लिखें।
2. परीक्षार्थी यथासंभव अपने शब्दों में ही उत्तर दें।
3. दाहिनी ओर हाशिए पर दिये हुए अंक पूर्णांक निर्दिष्ट करते हैं।
4. प्रश्नों को ध्यानपूर्वक पढ़ने के लिए परीक्षार्थियों को 15 मिनट का अतिरिक्त समय दिया गया है।
5. यह प्रश्न–पत्र दो खण्डों में है, खण्ड–अ एवं खण्ड–ब।
6. खण्ड–अ में 100 वस्तुनिष्ठ प्रश्न हैं, जिनमें किन्हीं 50 प्रश्नों का उत्तर देना अनिवार्य है। पचास से अधिक प्रश्नों के उत्तर देने पर प्रथम 50 उत्तरों का ही मूल्यांकन किया जाएगा। प्रत्येक प्रश्न के लिए 1 अंक निर्धारित है। सही उत्तर को उपलब्ध कराये गये OMR–शीट में दिये गये सही वृत्त को भरने के लिए काले/नीले बॉल पेन से प्रगाढ़ करें। किसी भी प्रकार के ह्वाइटनर/तरल

पदार्थ / ब्लेड / नाखून आदि का OMR उत्तर–पत्रक में प्रयोग करना मना है, अन्यथा परीक्षा–परिणाम अमान्य होगा।

7. खण्ड–ब में कुल 6 (छः) विषयनिष्ठ प्रश्न हैं।

8. किसी तरह के इलेक्ट्रॉनिक उपकरण का प्रयोग पूर्णतया वर्जित है।

## खण्ड–'अ' (वस्तुनिष्ठ प्रश्न)

प्रश्न संख्या 01 सँ 100 धरिक प्रत्येक प्रश्नक संग चारि–चारि विकल्प (A, B, C, D) देल गेल अछि। सही विकल्प चुनि कय ओ0 एम0 आर0 शीटमे भरू। उक्तमे कोनो पचास प्रश्नक उत्तर दिअ। 1x50 =50

1. बैद्यनाथ मिश्र 'यात्री' कँ 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटलनि –

(A) 1960 ई0 मे (B) 1964 ई0 मे

(C) 1965 ई0 मे (D) 1968 ई0 मे

2. 'यात्री'जी निवासी छलाह –

(A) पोखरौनीक (B) तरौनीक

(C) टेकटारिक (D) मंगरौनीक

3. 'पत्रहीन नग्न गाछ' पोथीक विधा अछि –

(A) कथा (B) कविता

(C) उपन्यास (D) बालकाव्य

4. 'युगधर्म' कवितामे कवि शहर–शहरमे फुजबाक बात कहलनि अछि–

(A) सिनेमाक (B) दोकानक

(C) कारखानाक (B) एहि मे किछु नहि

5. पाठयांशक आधारपर हम झण्डा गारलहुँ .............. पंक्ति पूरा करू।

(A) समुद्रमे (B) अन्तरिक्षमे

(C) पृथ्वीपर (B) पहाड़पर

6. पाठ्य पुस्तकक आधारपर 'सत्य, अहिंसा, करूणा मैत्री .................' एतए रिक्त–स्थानमे होएत –

(A) प्रेमक पाठ पढ़ैत रहै छी (B) युद्ध, कलह, विद्वेष, घृणा

(C) दानवता ई सब दुर्गुणसँ (D) हमर विरोध करैए निर्दय

7. 'पूजाक फूल' रचना छन्हि –

(A) उदयचन्द्र झा 'विनोद'क (B) आरसी प्रसाद सिंहक

(C) बैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'क (D) नवीनचन्द्र मिश्रक

8. 'चेतना' शब्दक अर्थ अछि –

(A) बुद्धि (B) दुर्बुद्धि

(C) युगधर्म (D) सनातन धर्म

9. 'अहिंसा' शब्दक विपरीतार्थक होइछ –

(A) हिंसा (B) हत्या

(C) दुविधा (D) चोर

10. 'एकहत्था' ग्रामक निवासी छथि –

(A) आरसी प्रसाद सिंह (B) बिलट पासवान 'विहंगम'

(C) रामदेव झा (D) मायानन्द मिश्र

11. 'गम्हरा' शब्दक अर्थ अछि –

(A) बिन फूटल धान (B) बिन फूटल कोहा

(C) कोयला (D) मज्जर

12. 'चयनिका' गीत–संग्रह कृति छन्हि –

(A) मार्कण्डेय प्रवासीक (B) बिलट पासवान 'विहंगम'क

(C) सोमदेवक (D) जीवकान्तक

13. निम्नमे साहित्य अकादेमी' सँ पुरस्कृत नहि छथि –

(A) यात्री (B) सुमन

(C) आरसी प्रसाद सिंह (D) बिलट पासवान 'विहंगम'

14. पाठ्यांशक आधारपर 'धानक ............. पात हे' मे रिक्त–स्थानपर होएत –

(A) झड़कल (B) सुखायल

(C) हरियर (D) पीयर

15. भारतीय कृषि निर्भर छैक –

(A) मानसूनपर (B) अतिवृष्टिपर

(C) अनावृष्टिपर (D) ओलावृष्टिपर

16. 'भूइयाँ' शब्दक अर्थ अछि –

(A) आकाश (B) धरती

(C) गड्ढ़ा (D) कादो

17. 1981 ई0 मे 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटलैक –

(A) 'पत्रहीन नग्न गाछ' पर (B) 'राधा–विरह' पर

(C) 'काठ' पर (D) 'अगस्त्यायनी' पर

18. पाठ्य–पुस्तकमे 'तिलकोर जकाँ–चतरल साहित्यक टाट पर' कविताक पंक्ति अछि –

(A) 'हम भेटब' मे (B) 'सनातन मानव'मे

(C) 'फूलक नोर खसल' मे (D) 'युगधर्म' मे

19. पाठ्यांशक आधारपर 'इतिहास–नदीकेर–चिक्कन–चुनमुन्'.... मे रिक्त–स्थानपर होएत –

(A) घाटपर (B) बाटपर

(C) खाटपर (D) पएरपर

20. 'मौसम अयला पर' कृति अछि –

(A) उदयचन्द्र झा 'विनोद'क (B) मार्कण्डेय प्रवासीक

(C) नवीनचन्द्र मिश्रक (D) देवकान्त झाक

21. 'सेसर' शब्दक अर्थ होइत अछि –

(A) श्रेष्ठ (B) कनिष्ठ

(C) अमीर (D) फकीर

22. निम्नमे 'साहित्य अकादेमी' सँ पुरस्कृत छथि –

(A) देवकान्त झा (B) बिलट पासवान 'विहंगम'

(C) उदयचन्द्र झा 'विनोद' (D) धर्मनाथ झा

23. पाठ्य–पुस्तकक आधारपर 'राजधानी जकाँ नहि ............ रहैए' मे रिक्त स्थान पर होएत –

(A) असगर (B) सबहक संग

(C) मेलामे (D) शहरमे

24. उदयचन्द्र झा 'विनोद'क कृति छन्हि –

(A) चित्रा (B) ललका पाग

(C) सहर जमीन (D) सप्तरश्मि

25. पाठ्यांशक आधारपर 'देश चाही तँ ...... गामके बन्धु' मे रिक्त–स्थानपर होएत –

(A) बचाबी (B) नचाबी

(C) देखाबी (D) हँसाबी

26. पाठ्य पुस्तकक आधारपर 'तोहर नाँगट देहसँ.... चिड़ै उड़ि जयतह' एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) आशाक (B) इच्छाक

(C) मोनक (D) आकांक्षाक

27. 'क्षयग्रस्त' शब्दक अर्थ होइत अछि –

(A) क्षयरोगसँ पीड़ित (B) बोखारसँ पीड़ित

(C) कय–दस्तसँ पीड़ित (D) कुपोषणसँ पीड़ित

28. पाठ्यांशक आधारपर 'अपने आँखिक ............ दहसँ' मे रिक्त स्थानपर होएत –

(A) नोनगर (B) तेलगर

(C) मीठगर (D) अनोन

29. पाठ्य–पुस्तकक आधारपर 'अपन ............. फेफड़ा'मे रिक्त–स्थानपर होएत –

(A) सुखायल (B) तीतल

(C) फाटल (D) सीयल

30. पाठ्यांशमे 'पनिभरनीक तरबा .......... भऽ गेल छैक' एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) खियायल (B) मोटायल

(C) चिक्कन (D) फाटल

31. रानी लक्ष्मीबाई शासन करैत छलीह –

(A) झाँसीमे (B) ग्वालियरमे

(C) मेरठमे (D) पुणेमे

32. वीर कुँवर सिंह योद्धा छलाह –

(A) पश्चिम बंगालक (B) बिहारक

(C) मध्य प्रदेशक (D) उत्तर प्रदेशक

33. जगतगुरू आदि शंकराचार्य द्वारा शक्तिपीठक स्थापना कयल गेल –

(A) चारि (B) पाँच

(C) छओ (D) सात

34. महाराष्ट्र ओ गुजरातक निर्माण प्रान्तकेँ खंडित केलासँ भेल –

(A) बम्बईकेँ (B) पंजाबकेँ

(C) उत्तरप्रदेशकेँ (D) पश्चिम बंगालकेँ

35. आर्य धर्मक ग्रंथमे राष्ट्रीय एकताक महत्वक चर्चा भेल अछि –

(A) पुराणमे (B) आधुनिक ग्रंथमे

(C) वेदमे (D) रामायणमे

36. पाठ्य–पुस्तकक अनुसार हमरा सभक शक्तिक प्रतीक ग्रंथ अछि –

(A) वेद (B) दुर्गासप्तशती

(C) गीता (D) श्रीकृष्णकेलिमाला

37. 'स्तुत्य' शब्दक अर्थ अछि –

(A) प्रशंसनीय (B) अप्रशंसनीय

(C) विशेषकार्य (D) एहिमे कोनो नहि

38. 'जाति' शब्दक विशेषण अछि –

(A) जातीय (B) अजातीय

(C) बहुजातीय (D) अलग जाति

39. 'दृष्टान्त' शब्दक अर्थ अछि –

(A) दृश्य (B) उदाहरण

(C) तोरण (D) विविध

40. नरेन्द्र झाक वृत्ति छलन्हि –

(A) शिक्षकक (B) चार्टर्ड एकाउन्टेंटक

(C) समाजसेवकक (D) फौजीक

41. 'मैथिली–भाषी क्षेत्रमे .............. फसल उपजैत अछि' – एतए रिक्त–स्थानमे होएत–

(A) एक प्रकारक (B) दू प्रकारक

(C) तीन प्रकारक (D) चारि प्रकारक

42. मिथिलाक दक्षिणमे नदी प्रवाहित होइत अछि –

(A) गंगा (B) ब्रह्मपुत्र

(C) गंडकी (D) महानंदा

43. दरभंगामे औद्योगिक क्षेत्र विकास प्राधिकारक स्थापना भेल –

(A) 1976 ई0 मे (B) 1990 ई0 मे

(C) 2000 ई0 मे (D) 2013 ई0 मे

44. 1955 ई0 मे आधुनिक ढंगक कागज मिलक संख्या छल –

(A) एगारह (B) बारह

(C) तेरह (D) चौदह

45. 'भामती–टीका' क रचनाकार छथि –

(A) गंगेश उपाध्याय (B) वाचस्पति

(C) गौतम (D) कपिल

46. 'शतपथ ब्राह्मण' कृति छनि –

(A) याज्ञवल्क्यक (B) कणादक

(C) कुमारिल भट्टक (D) कालिदासक

47. पाठ्यांशक आधारपर 'जनसंख्या कोनो भूभागक सम्पत्ति ....... जाइछ' एतए रिक्त स्थानमे होएत –

(A) बुझल (B) नापल

(C) देखल (D) सोचल

48. 2001 मे मैथिली–भाषी क्षेत्रक जनंसख्यामे वृद्धि भेल –

(A) 28.43% (B) 44.03%

(C) 22.73% (D) 40.80%

49. देवकान्त झाक जन्मस्थान छनि –

(A) चतरा (B) डुमरा

(C) बरहा (D) महिनाथपुर

50. निम्नमे 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटल छनि –

(A) भीमनाथ झाकेँ (B) देवकान्त झाकेँ

(C) नवीनचन्द्र मिश्रकेँ (D) भाग्यनारायण झाकेँ

51. मैथिल ललना 'पद्मश्री' पौलनि –

(A) सुनयना देवी (B) शोभना देवी

(C) मीनाक्षी देवी (D) जगदम्बा देवी

52. मैथिली चित्रकला (Maithili Painting) पोथी अछि –

(A) उपेन्द्र ठाकुरक (B) डब्ल्यू जी0 आर्चरक

(C) उपेन्द्र महारथीक (D) जगदम्बा देवीक

53. 'हाड़–काठ' समासक उदाहरण अछि –

(A) तत्पुरूषक (B) द्विगुक

(C) द्वन्द्वक (D) अव्ययीभावक

54. 'समाज' शब्दक विशेषण अछि –

(A) सामाजिक (B) सामासिक

(C) सामयिक (D) एहिमे कोनो नहि

55. 'सोनक ममता' पोथीक विधा अछि –

(A) एकांकी (B) कविता

(C) कथा (D) उपन्यास

56. भाग्यनारायण झा कैँ 2013 ई0 मे भेटलनि –

(A) विद्यापति पुरस्कार

(B) साहित्य अकादेमी पुरस्कार

(C) देशरत्न डॉ0 राजेन्द्र प्रसाद पत्रकारिता शिखर सम्मान

(D) एहिमे कोनो नहि

57. 'राजनीति' शब्दक विशेषण अछि –

(A) राजनीतिक (B) राष्ट्रनीति

(C) राष्ट्रीय (D) राज्यनीति

58. 'सरल' शब्दक विपरीतार्थक अछि –

(A) कठिन (B) सुगम

(C) बहुत (D) सरस

59. उदयचन्द्र झा 'विनोद'के 'साहित्य अकादेमी' पुरस्कार भेटलनि –

(A) 'प्रश्नवाचक'पर (B) 'सहर जमीन' पर

(C) 'संक्रान्ति' पर (D) 'अपक्ष' पर

60. मार्कण्डेय प्रवासी छलाह –

(A) दरभंगा जिलाक (B) मधुबनी जिलाक

(C) समस्तीपुर जिलाक (D) सीतामढ़ी जिलाक

61. 'चित्रा' पोथीक विधा अछि –

(A) कथा (B) उपन्यास

(C) कविता (D) एकांकी

62. 'एरौत' गामक छलाह –

(A) यात्री (B) मार्कण्डेय प्रवासी

(C) आरसी प्रसाद सिंह (D) नवीन्द्र चन्द्र मिश्र

63. 'नागार्जुन' नामे हिन्दीमे सेहो रचना कएलनि –

(A) बिलट पासवान 'विहंगम' (B) आरसी प्रसाद सिंह

(C) यात्री (D) नवीन्द्र चन्द्र मिश्र

64. 'व्यथित' शब्दक अर्थ अछि –

(A) दुखित (B) सुखित

(C) व्यथारहित (D) आनन्दित

65. हरिमोहन झाक समकाल मे अयलाह –

(A) बैद्यनाथ मिश्र 'यात्री' (B) राजमोहन झा

(C) रामदेव झा (D) भीमनाथ झा

66. 'लांछना' शब्दक अर्थ अछि –

(A) कलंक (B) लाघव

(C) लक्षण (D) लोक

67. 'कन्यादान' उपन्यास कृति अछि –

(A) हरिमोहन झाक (B) तारानन्द वियोगीक

(C) मोहन भारद्वाजक (D) नरेन्द्र झाक

68. 'बूढ़वर' कविता लिखल छनि –

(A) काँचीनाथ झा 'किरण'क (B) सुरेन्द्र झा 'सुमन'क

(C) बैद्यनाथ मिश्र 'यात्री'क (B) भीमनाथ झाक

69. 'लेन–देन' समासक उदाहरण अछि –

(A) द्वन्द्वक (B) अव्ययीभावक

(C) द्विगुक (D) कर्मधारयक

70. 'पितामह' शब्दक विपरीतार्थक अछि –

(A) मातामह (B) पितामही

(C) पित्ती (D) मामा

71. 'पंचमुख' समासक उदाहरण अछि –

(A) द्विगुक (B) तत्पुरूषक

(C) कर्मधारयक (D) बहुव्रीहिक

72. 'सदैव' शब्दक सन्धि–विच्छेद अछि –

(A) सदा + ऐव (B) सद + ऐव

(C) सदा + एव (D) सदा + ऐवा

73. 'उल्लास' शब्दक सन्धि–विच्छेद होइछ –

(A) उत् + लास (B) उत् + हास

(C) अत् + लास (D) अत् + लस

74. 'महा + उत्तम'क सन्धि होएत –

(A) महोत्तम (B) महाउत्तम

(C) महोत्तमा (D) महाउत्तमा

75. 'मोहन राधा लेल मधुर अनलक'मे कारक अछि –

(A) अपादान (B) सम्प्रदान

(C) करण (D) कर्त्ता

76. 'हौ कन्हैया! एम्हर आबह' वाक्यमे कारक अछि –

(A) अधिकरण (B) सम्बोधन

(C) अपादान (D) सम्बन्ध

77. 'शिक्षक पढ़बैत छथि' वाक्यमे कारक अछि –

(A) कर्त्ता (B) करण

(C) कर्म (D) सम्प्रदान

78. एक व्यक्ति दोसरकेँ कार्य करबा लेल प्रेरित करैत अछि, ओकरा क्रिया कहल जाइत अछि –

(A) प्रेरणार्थक (B) कामनात्मक

(C) संयुक्त (D) पूर्वकालिक

79. 'बैसू' शब्दमे क्रिया अछि –

(A) विधि (B) नामधातु

(C) सहायिका (D) गौण

80. 'पिता पत्र लिखलनि' वाक्यमे क्रिया अछि –

(A) सकर्मक (B) अकर्मक

(C) विधि (D) मुख्य

81. 'तौं पानि पीबि लेने छह' वाक्यमे काल अछि –

(A) पूर्ण वर्त्तमानकाल (B) वर्त्तमानकाल

(C) तात्कालिक वर्त्तमानकाल (D) सामान्य वर्त्तमानकाल

82. 'दिवाकर पढ़ैत छलाह' वाक्यमे काल अछि –

(A) सामान्य भूतकाल (B) अपूर्ण भूतकाल

(C) भूतकाल (D) पूर्णभूतकाल

83. 'सतीश गाम चलि गेल रहत' वाक्यमे काल अछि –

(A) पूर्ण भविष्यत्काल (B) भविष्यत्काल

(C) अपूर्ण भविष्यत्काल (D) सामान्य भविष्यत्काल

84. 'अपनहि पएरमे कुरहड़ि मारब' मोहावराक अर्थ अछि –

(A) अपन अपकार करब (B) अपन उपकार करब

(C) थाह पायब (D) कुरहड़िसँ काटब

85. 'आँखि मे पानि नहि रहब' मोहाबराक अर्थ अछि –

(A) लाज नहि होएब　　(B) मुँह झाँपब

(C) लाज होएब　　(D) हतोत्साहित होएब

86. 'उन्टे गंगा बहायब' मोहाबराक अर्थ अछि –

(A) विपरीत काज करब　　(B) सही काज करब

(C) ककरो बात नहि सुनब　　(D) चंचलता देखाएब

87. 'कानऽक मोन तऽ आँखिमे गरल .......... ' लोकोक्तिमे रिक्त–स्थानपर होएत –

(A) खुट्टी　　(B) कलम

(C) फूल　　(D) पानि

88. 'कनही गायक भिन्ने .............' लोकोक्तिमे रिक्त–स्थानपर होएत –

(A) बथान　　(B) दलान

(C) मचान　　(D) एहिमे किछु नहि

89. 'एक हाथक ककरी नओ हाथक ........... ' लोकोक्तिमे रिक्त–स्थानपर होएत –

(A) बीआ　　(B) बौआ

(C) ठेंगा　　(D) रस्सी

90. 'सीता' शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) वैदेही　　(B) सरस्वती

(C) काली　　(D) दुर्गा

91. 'विष्णु' शब्दक पर्यायवाची होइछ –

(A) अच्युत　　(B) शिव

(C) इन्द्र　　(D) गोवर्धन

92. जकर उपमा नहि हो, वाक्य लेल–एक शब्द होएत –

(A) अनुपम (B) व्याघ्र

(C) उत्तम (D) चाण्डाल

93. जे कम बाजय वाक्यक लेल एक शब्द लिखू।

(A) मितभाषी (B) बहुभाषी

(C) सुगम (D) दुर्लभ

94. 'ऋग्वेद'कँ जननिहार कहबैत छथि –

(A) वेदपाठी (B) ऋगवेदी

(C) सहपाठी (D) वेदज्ञानी

95. 'समुद्र' शब्दक पर्यायवाची अछि –

(A) उदधि (B) सरिता

(C) गंगाजल (D) जलस्रोत

96. 'संयोग' शब्दक विपरीतार्थक अछि –

(A) जवान (B) साहसी

(C) वियोग (D) बुढ़ापा

97. व्रजमे रहएबला कहबैत छथि –

(A) वज्रधर (B) व्रजवासी

(C) वंशज (D) एहिमे किछु नहि

98. निम्न वाक्यमे भूतकालक उदाहरण अछि –

(A) सीता धरतीमे समा गेलीह (B) काका अबैत छथि

(C) हौ बटुक! गेंद लेबह (D) हमर काज नहि हैत

99. 'नियत' शब्दक अर्थ अछि –

(A) निश्चित (B) अनिश्चित

(C) बेरू पहर (D) परसू तक

100. 'टाल मारब' मोहाबराक अर्थ अछि –

(A) घट्टी तौलब (B) बेसी तौलब

(C) नहि तौलब (D) एहिमे किछु नहि

## खण्ड – ब (विषयनिष्ठ प्रश्न)

1. निम्नलिखितमे कोनो एक विषयपर निबंध लिखू : **10 x 1 = 10**

(A) दुर्गापूजा (B) छात्र आ अनुशासन

(C) वयस्कशिक्षा (D) वर्षाऋतु

(E) रक्तदान

2. निम्नलिखितमे कोनो एक प्रश्नक उत्तर दिअ : **7 x 1 = 7**

(A) परीक्षाक नीक जकाँ तैआरी करबा लेल छोट भाएकेँ पत्र लिखू।

(B) स्कूलमे फुटबॉल खेलबाक मैदान बनयबाक लेल प्रधानाध्यापककेँ आवेदन लिखू।

**3.** निम्नलिखित उद्धरणमे कोनो **दू** उद्धरणक शीर्षक दैत संक्षेपण करू :**4 x 2 = 8**

(A) शिक्षा भावी जीवनक तैयारी थिक। एहिसँ मानव जीवनक विकासक चरण आरम्भ होइत छैक। सदगुण, सद्विचार, बुद्धि आ विवेक शिक्षेसँ प्राप्त कएल जा सकैछ। वास्तवमे, शिक्षा उन्नतिक सोपान आ भावनाक विकासक माध्यम थिक। एहिसँ मानवक संस्कारक परिष्कार एवं दुर्गुणक परिहार सम्भव होइछ। नव शिक्षा नीतिमे एहि समस्त बातपर विशेष ध्यान देल गेल अछि।

(B) मातृभाषा शब्दहिसँ स्पष्ट अछि, मातृक अर्थ–माय आ भाषाक अर्थ वाणी, अर्थात् नेना प्रथमतः जाहि भाषा कँ अपन मायक मुँहसँ सुनैत अछि आ सिखैत अछि सएह भाषा थिक मातृभाषा। एकर स्फुरण स्वतः आ स्पष्ट होइत छैक, जाहिसँ ई मर्मस्पर्शी होइत अछि। अभिव्यक्तिक स्वच्छन्दता एवं मधुरता जतेक मातृभाषामे होइत छैक ओतेक आन भाषामे संभव नहि। लोक कतहु जाइछ, किछु करैछ, ओकर मातृभाषा नहि बदलैत छैक। एकरा प्रति लोकक सहज आशक्ति होइत छैक।

(C) छात्रलोकनिक पहिल कर्तव्य होइछ ज्ञानार्जन करब। ओकर मार्गमे आबयवला हरेक व्यवधानकँ दूर करैत अध्ययनशील होएब आवश्यक। किछु छात्र ततेक अध्ययनशील भए जाइछ जे ओ अपन स्वास्थ्योक प्रति निश्चेष्ट रहय लगैत अछि परिणामस्वरूप शनैः–शनैः ओ मात्र किताबी कीड़ा बनिकए रहि जाइत अछि। ओकर स्वास्थ्य तऽ खराब होइते छैक सामाजिक लोकाचारक ज्ञान सेहो नहि भए पबैत छैक। जाहिसँ भविष्यमे धनार्जन तऽ कए लैछ, मुदा सामाजिक प्रतिष्ठा नहि भेटि पबैत छैक।

(D) शहरमे धर्म भाषा व्यवसाय आ जीवन–स्तरक आधारपर अधिक विषमता पाओल जाइत अछि। एकर सभसँ पैघ विशेषता छैक जे एहिठाम आर्थिक उपार्जनक विपुल अवसर रहैत छैक। इएह कारण छैक जे लोक पाइ कमाए लेल शहरमे रहैत अछि। शहरमे सभ प्रकारक लोकक लेल पाइ कमएबाक अवसर उपलब्ध रहैत अछि। शहरक जीवन चकाचौंध एवं भौतिक ऐश्वर्यक लिप्सामे लोक जीवनभरि अस्त–व्यस्त रहैत अछि। एहिसँ ओ व्यक्तिवादी भए जाइत अछि। शहरी लोककँ अपन छोड़ि आन नहि देखबामे अबैत छैक।

4. निम्नलिखितमे कोनो एकटाक आशय लिखू : **5 x 1 = 5**

(A) आँगन बहारि कऽ राखऽ पड़ैछ

ककरो अबैया नहि छै, तैयो

सुखायल, कैल पात सभ खसल छै

भरि आँगन खर–खर करैत कोना चलत

कोना टेकत पयर ?

(B) विद्यापति कालमे सेहो ई समस्या छल। अनमेल विवाहक समस्या। विद्यापति तँ राधा–कृष्ण, माने युवा–युवतीक रंग–रभसमे भेर अथवा पूजा–पाठमे निमग्न, जखन समाज दिस तकलनि तऽ व्यथित भऽ उठलाह। ओ पीड़िता बेटीक दर्द आ दाहकेँ ओकरे स्वरमे कहलनि ''पिया मोर बालक, हम तरूनी गे, कोन तप चुकलहुँ, भेलहु जननी गे।''

5. निम्नलिखितमे कोनो पाँच लघूत्तरीय प्रश्नक उत्तर लिखू : **2 x 5 = 10**

(i) मानवता कोन पाठ पढ़ैत रहैत अछि?

(ii) गामक गहवर कथीसँ गनगनाइत रहैत अछि ?

(iii) हम तिलकोरे पर किएक भेटब ?

(iv) गाम आ शहरक मध्य कोनो एकटा समानता लिखू।

(v) धर्म आ राष्ट्र भिन्न होइतो सभ मानवमे की लए कए समता छैक ?

(vi) मुस्लिम लीग कोन तरहेँ भारतीय एकताकेँ प्रभावित कयलक ?

(vii) मिथिलामे उपजयबला फसिलक नाम लिखू।

(viii) विश्व स्तरपर मधुबनी पेंटिंगक प्रचार–प्रसार के कएलनि ?

(ix) विश्व व्यापारमे चमत्कारिक परिवर्त्तनक की अभिप्राय अछि ?

(x) चण्डेश्वर राज्य संचालनक विषयमे की सभ कहलनि ?

6. निम्नलिखित दीर्घोत्तरीय प्रश्नमे कोनो दूटाक उत्तर दिअ : **5 X 2 = 10**

(i) 'यात्री'जी अनमेल विवाहक विरोध कोना कयलनि अछि?

(ii) मिथिलाक शिल्प ओ कलाक विशेषता अपन शब्दमे लिखू।

(iii) 'गाम आ शहर' कविताक आधारपर गामक विशेषताक वर्णन करू।

(iv) पाठ्यांशक आधारपर मानव जातिक हित लेल की सब कयल गेल अछि? विस्तारसँ वर्णन करू।